



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 30 MILYON DOLA YO BAY POU PWOJÈ LOJMAN SIPÒ

Sèvis fon prim pou veteran, moun ki gen maladi mantal grav oswa pwoblèm itilizasyon sibstans, sivivan vyolans domestik ak adilt ki pi aje ki gen andikap yo

Inisyativ Lojman Sipò Empire State la konplete [plan 1 milya dola](#) istorik Gouvènè Hochul la pou ranfòse sistèm swen sante mantal New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 30 milyon dola nan finansman lojman sipò pou sèvi granmoun aje, sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, veteran ak fanmi ki souvan sanzabri ansanm ak moun ki gen yon maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans. Uityèm faz finansman an, ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a administre, atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la te mennen nan 122 prim, ki pral bay finansman kondisyonèl pou sèvis ak depans fonksyonman yo pou jiska 4,839 inite lojman sipò.

"Lojman sipò jwe yon wòl enpòtan nan efò nou pou ranfòse sistèm swen sante mantal New York la epi asire tout Nouyòkè yo kapab viv avèk siksè nan kominote yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Lojman Sipò Empire State la bay finansman ki nesèsè pou bay sèvis popilasyon vilnerab yo ka konte sou yo pou viv an sekirite nan anviwònman endepandan."

Depi kreyasyon li, Inisyativ Lojman Sipò Empire State la te bay finansman fonksyonman pou plis pase 8,400 inite k ap sèvi popilasyon vilnerab yo. Gade yon [lis konplè](#) prim pou uityèm faz la.

Inisyativ la bay finansman fonksyonman pou founisè sèvis sipò yo k ap sèvi veteran ki sanzabri ansanm ak fanmi yo; viktim vyolans domestik yo ak vyolans ki baze sou sèks; granmoun aje ki gen andikap oswa frajil yo; jèn adilt ki gen istorik nan prizon, sitiasyon sanzabri oswa fanmi dakèy yo; fanmi ak moun ki nan sitiasyon sanzabri kwonik yo; moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmantral yo; moun k ap retounen nan kominote a apre yo soti nan prizon; ak moun ki ap viv ak VIH oswa SIDA, maladi mantal ki grav ak/oswa twoub toksikomani yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a sèvi antanke ajans apwovizyonman prensipal pou finansman an, ki dispèse

pa mwayen yon gwoup travay entè-ajans ki gen uit ajans Eta k ap sèvi Nouyòkè ki vilnerab yo.

Finansman an ka itilize pou asistans lwaye ak sèvis pou popilasyon sib ki kalifye yo pou asire estabilite lojman yo. Itilizasyon ki otorize yo gen ladan sibvansyon lwaye ak lòt depans okipasyon; sèvis oswa anplwaye pou idantifye epi lokalize moun ki kalifye ki bezwen lojman; sèvis sante regilye ak sante konpòtmantal; fòmasyon pwofesyonèl ak travay; asistans pou edikasyon, devlopman konpetans ak sipò pou paran; asistans oryantasyon pou swen timoun ak entèkansyon pou kriz; sèvis pou timoun, ki enkli defans edikatif, sipò ak oryantasyon; ak depans ki asosye ak sèvis ki ede moun ak fanmi yo rete loje.

Pwojè yo ka resevwa jiska 25,000 dola pa inite pa ane pou finansman sèvis ak fonksyonman yo bezwen pou fè fonksyone inite lojman sipò pèmanan yo. Prim kondisyonèl yo depann de yon pwojè ki garanti finansman pou nouvo konstriksyon, reyitilizasyon adapte pwopriyete ki pa rezidansyèl, oswa reyabilitasyon pwopriyete rezidansyèl ki pa reglemante pou kreye lojman sipò entegre abòdab.

Rechèch yo montre ke lojman ki bay sipò pèmanan diminye demann pouabri, kabann lopital, sal ijans, prizon, anplis sa gen efè pozitif sou travay, prezans nan lekòl ak byennèt mantal ak fizik. Pwojè lojman ki bay sipò yo ka afekte katye yo pozitivman atravè nouvo konstriksyon oswa nan reparasyon bilding ki egziste yo.

Inisyativ la konplete [plan 1 milya dola pou plizyè ane](#) Gouvènè Hochul la pou ranfòse sistèm swen sante mantal la epi diminye anpil kantite moun ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè nan tout eta a. Plan an, ki te adopte nan kad bidjè ane fiskal 2024 la, gen ladan tou finansman pou 3,500 nouvo inite rezidansyèl pou Nouyòkè ki gen difikilte ak maladi mantal, ogmante anpil sèvis pou pasyan ekstèn yo, epi konble twou vid ki genyen nan kouvèti asirans pou sèvis sante konpòtmantal ki entèdi konpayi yo refize aksè ak sèvis sante mantal ki nesèsè medikalman, ki gen gwo bezwen, grav ak kriz pou alafwa granmoun ak timoun yo.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Gouvènè Hochul te defann depi lontan lojman sipò ak konprann bezwen pou etabli plis espas pou sa nan eta a. Angajman li te ede plizyè milye moun ak fanmi yo resevwa sèvis yo bezwen pandan y ap viv nan pwòp kay yo. Lojman ki an sekirite epi ki bay diyite pral bay moun k ap viv ak maladi mantal ak itilizasyon sibstans, veteran nou yo ak anpil lòt k ap fè fas ak pwoblèm lavi ki kritik, estabilite ak sipò yo bezwen pou yon rekiperasyon ki gen siksè."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Lojman sipò pou moun ki afekte akòz adiksyon ka gen yon gwo enpak sou sante ak byennèt yo epi li se yon pati enpòtan nan seri sèvis adiksyon ki disponib isit la nan Eta New York. Gras a efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè, inisyativ sa a kontinye sipòte agrandisman enpòtan nan lojman sipò atravè Eta New York, ede moun ak fanmi yo adiksyon afekte pou jwenn èd ak resous yo bezwen. Nou pa ka tann pou nou wè sa benefis k ap kontinye yo pral pote pou Nouyòkè yo".

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou rekonesan dèske Gouvènè Hochul rekonèt wòl esansyèl lojman sipò yo genyen nan bay fanmi ak moun ki sanzabri yo otonomi pou yo reyalize epi kenbe lavi ki estab nan kominote yo. Finansman Inisyativ Lojman Sipò Empire State la se yon eleman prensipal nan travay OTDA pou bay fanmi ak moun ki te fè eksperyans sanzabri yo lojman pèmanan ki bay sipò."

Komisè pa Enterim nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo, Suzanne Miles-Gustave, Esq., te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye pran mezi odasye pou amelyore sante ak byennèt tout timoun ak fanmi yo. Nan yon moman kote Nouyòkè yo ap fè fas ak defi de pli zan pli konplike, moun ki bezwen sipò enkondisyonèl nou yo pral jwenn lojman ki estab, ki pi ekitab ak aksè dirèk nan pwogram sante mantal ki chanje lavi ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Sèvis entè-sistèm sa yo nan kè travay OCFS ansanm ak ajans eta patnè nou yo, yo ede konstwi yon sans sekirite ki pi solid ki pèmèt kominote vilnerab yo pwospere nan fason ki tou senpleman pa t ap posib san resous vital sa yo."

Komisè Depatman Sante a, Doktè James McDonald, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Inisyativ Lojman Sipò Empire State ak investisman anyèl sa a ap fè yon diferans nan lavi ak rezilta sante alavni Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo, ki gen ladan veteran, sivivan vyolans domestik ak moun ki gen maladi mantal grav oswa pwoblèm itilizasyon sibstans. Gen yon kote ki an sekirite epi ki abòdab pou w viv gen yon enpak pozitif sou sante jeneral yon moun."

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanmantal la, Kerry Neifeld, te deklare, "Opòtinite rezidansyèl sa yo divèsifye katye nou yo epi bay moun ki gen andikap devlopmanmantal yo otonomi pou yo viv ak plis endepandans kòm yon pati nan kominote yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State paske yo te anvizaje yon New York ki pi enklizif."

Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Prim ki pral chanje lavi jodi a pral bay plizyè milye Nouyòkè sekirite ak estabilite yon kay epi asire aksè a sèvis sipò ki adapte ki pral pèmèt moun sa yo pwospere nan kominote yo. Moun ki merite sibvansyon sa yo se patnè eksepsyonèl nan founi kay abòdab ak swen pou moun ki nan bezwen. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman li kontinye pou l konbat kriz sante mantal la epi kreye opòtinite pou popilasyon vilnerab atravè Eta a."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan, Kelli Owens, te deklare, "Lojman an sekirite esansyèl pou sivivan yo ak fanmi yo nan vwayaj yo nan direksyon libète ak gerizon. Mèsi, Gouvènè Kathy Hochul, pou sipò w kontinye bay nan ede sivivan vyolans ki baze sou sèks yo ak pwogram ki santre sou sivivan yo, ki adapte pou twomatis epi ki adapte ak kilti. Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ede stabilize fanmi ki pa gen kay akòz vyolans domestik."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Lojman se yon dwa moun, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a dèske l bay priyorite a investisman ki te anreta nan opsyon lojman sipò pou Nouyòkè yo atravè eta a. Investisman sa yo se eleman enpòtan pou asire sipò sante mantal yo aksesib pou moun ki pi bezwen yo, epi yo esansyèl pou detounen moun ki ta ka ap viv ak pwoblèm sante mantal pou evite entèraksyon ak sistèm jistis kriminel la. Mwen espere n ap gen kolaborasyon kontinyèl ak Gouvènè Hochul ak Biwo Sante Mantal pou asire Nouyòkè yo ka jwenn aksè nan lojman diy yo merite."

Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare, "Mwen kontan wè Eta New York ap investi nan resous enpòtan pou rezidan ki pi vilnerab nou yo. Lojman se yon dwa moun fondamantal, epi finansman yo anonse a pral ede moun ki fè fas ak defi pou yo jwenn yon kote pou yo viv, pou yo jwenn aksè nan sèvis pou bezwen espesyal, epi pou yo rezoud pwoblèm sante mantal nan tout eta a. Li obligatwa pou nou kontinye defann ak ede moun ki nan bezwen yo, mete lojman sipò disponib ak aksesib nan tout Eta New York."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)